



Plan pou Paran Fè Lekti Lakay Siksè Elèv

Jadendanfan jiska 5^{èm} Ane Eskolè



PLAN SA A GEN LADAN:

- Poukisa fè lekti lakay enpòtan
- Resous pou paran
- Aktivite pou ede pitit ou aprann eleman lekti yo
 - ✓ Ladrès nan Aktivite fonemik
 - ✓ Ladrès Fonetik
 - ✓ Mo Kouran
 - ✓ Metriz
 - ✓ Vokabilè
 - ✓ Konpreyansyon

Plan pou Paran Fè Lektè Lakay Siksè Elèv

Jadendanfan jiska 5^{èm} Ane Eskolè

Paran,

Ou se premye pwofesè pitit ou e fè lekti ak pitit ou se yon fason ki demontre ou ankouraje aprann li ak ekri bonè. Ede asire pitit ou li nan nivo ane eskolè li anvan li rive nan twazyèm ane se youn nan bagay ki pi enpòtan ou ka fè pou prepare l pou lavni. Lè w fè lekti ak pitit ou pou 30 minit pa jou e fè kèk estrateji senp vin yon pati nan woutin ou chak jou, ou ka fè yon enpak pozitif sou siksè pitit ou nan lekòl. Nou kontan ba ou Plan pou w Fè Lektè Lakay sa a, ki gen ladan resous ak estrateji pou ede pitit ou vin yon lektè ki pi konpetan!

Sensèman,

Department of English Language Arts
Division of Academics



i-Ready se yon evalyasyon sou Entènèt elèv yo pran nan lekòl. *Rapò i-Ready Paran* an bay yo nòt espesifik ak nivo plasman pou pitit ou a. Paj de (2) ak twa nan rapò a bay plis enfòmasyon sou eleman oubyen domèn lekti yo evalye yo. Plan sa a bay aktivite ak resous pou devlope e ranfòse ladrès lekti pitit ou a nan chak domèn yo teste yo.

Ladrès Fonolojik: Ladrès fonolojik se konpreyansyon mo yo pale konpoze ak diferan pati e chak pati sa yo fè yon son. Paj: 6-7

Ladrès Fonetik: Enstriksyon sou ladrès fonetik anseye timoun kijan pou konekte son yo tandè ak mo moun pwononse ak lèt yo wè nan mo moun ekri. Paj: 8-9

Mo Kouran: Mo kouran se mo ki parèt pi souvan nan sa timoun li. Paj:10-14

Vokabilè: Vokabilè se non pou mo yon elèv konnen. Paj: 17-18


Konpreyansyon: Literati: Konpreyansyon: Literati:

Dekri abilite yon elèv pou l konprann kalite tèks moun abityèlman imajine, oubyen istwa ki pa reyèl. Paj:19-21

Konpreyansyon: Tèks Enfòmasyonèl: Konpreyansyon: Tèks Enfòmasyonèl dekri abilite yon elèv pou l konprann kalite tèks ki abityèlman reyèl. Liv sou syans oubyen istwa se egzanp tèks enfòmasyonèl, menmjan ak atik jounal oubyen magazin. Paj: 19-21

READ! Reading is
the KEY to
Learning.

Eske w te konnen?



1. Lekti se sijè ki pi enpòtan nan lekòl. Yon timoun bezwen konn li pou l ka konprann pifò lòt sijè yo.
2. Nan twazyèm ane eskolè, elèv fè tranzisyon soti nan aprann fè lekti pou fè lekti pou aprann. Elèv twazyèm ane eskolè ki pa li nan nivo ane eskolè yo gen kat fwa plis chans pou yo kite lekòl nan lekòl segondè pase lòt kamarad yo ki gen konpetans nan lekti.
3. Yo estime yo depanse plis pase \$2 milya chak ane pou elèv ki refè yon klas akòz yo gen pwoblèm nan lekti.
4. 85 pousan delenkan jivenil gen pwoblèm nan lekti.
5. Plis adilt edike, se plis chans yo genyen pou yo jwenn yon bon travay aplentan avèk bon benefis. Mwayèn salè pa semèn ogmante avèk chak nivo edikasyon.
6. Karyè edikasyonèl 25-40 pousan timoun Ameriken an peril paske yo pa li byen ase, vit ase oubyen fasil ase.

Lekòl Leta Miami-Dade County

Division of Academics, Elementary English Language Arts

Plan pou *Fè Lekti Lakay* pou Siksè Elèv

Fè lekti ak pitit ou se yon fason ki demontre ou ankouraje aprann li ak ekri bonè. Ou ka enfluyansè siksè pitit ou a nan lekòl lè w fè lekti tounen yon woutin lakay ou chak jou. Rechèch montre elèv ki fè lekti omwen 30 minit pa jou fè meyè nòt pse 90/100 elèv ki nan menm nivo avèk yo nan egzamen estandadize yo. Èske ou vle ede pitit ou a gen siksè nan lekòl? Li senpleman bezwen fè lekti.

KISA M KA FÈ POU M SIPÒTE PITIT MWEN?

Fè lekti lakay avèk pitit ou chak jou (omwen 30 minit) avèk liv yo renmen. Men kèk fason pou w fè sa:

- Li byen fò pou pitit ou.
- Koute pitit ou ki ap li.
- Li youn aprè lòt (ou li yon liy, e yo repete l).
- Li ansanm anmenm tan.
- Reli oubyen rebay istwa ou pi renmen yo.
- Pale ak pitit ou sou lekti a.

Pandan w ap li:

- Mande pitit ou pataje sa yo sonje.
- Poze kesyon sou lekti a.
- Pale sou pati ou pi renmen yo.
- Pale sou sa ou aprann nan lekti a.
- Pale sou kòman foto nan liv la konekte ak mo nan paj la.
- Ede konekte lekti a ak lavi pitit ou a oubyen ak lòt liv li te li.



Lekti Kòmanse nan Kay la:

Bonjan patisipasyon paran se yon eleman kle nan **Plan Fè Lekti Lakay** la. Anplis ede pitit ou grandi ak kè kontan e ansante, sa ki pi enpòtan ou ka fè pou yo se ede yo devlope ladrès lekti.

Sijasyon pou ede w devlope ladrès lekti lakay pitit ou:

Jadendanfan

- Li liv kote fen istwa a previzib pou pitit ou. Anseye li pou l tand e pwononse mo ki repete, tankou non pou koulè, chif, lèt ak animal. Li liv kote fen istwa a previzib ede timoun konprann kijan istwa pwogrese. Yon timoun aprann fasilman ekspresyon ki familye e li repete yo, nan pretann li ap fè lekti.
- Pratike son lang nan li liv ki rime e jwe jwèt mo senp (pa egzanp, *Konbyen mo ou ka kreye ki sonnen tankou mo “bat”?*)

Premye Ane Eskolè

- Montre relasyon ant son ak lèt pitit ou a ap aprann sou etikèt, bwat, jounal ak magazin.
- Koute pitit ou a ki ap li mo ak liv ki sot lekòl la. Pran pasyans e koute pandan li ap pratike. Fè l konnen ou fyè de fason li fè lekti.


Dezyèm ak Twazyèm Ane Eskolè

- Devlope metriz lekti nan fè pitit ou li awotwa e touche mo li rate yo e ede l li yo kòrèkteman. Si w kanpe pou w konsantre sou yon mo, fè pitit ou a reli tout fraz la pou asire li konprann siyifikasyon an.
- Fè eko e repete lekti tèks ou seleksyone yo ap amelyore fasilite lekti e ogmante konpreyansyon.

Katriyèm ak Senkyèm Ane Eskolè

- Devlope metriz lekti nan fè pitit ou a reli liv li abitye li.
- Devlope andirans nan fè lekti 30 minit vin tounen yon woutin chak jou nan kay la.
- Devlope metriz lekti nan fè pitit ou a li awotwa e touche mo li manke yo e ede l li mo sa yo kòrèkteman. Si w kanpe pou w konsantre sou yon mo, fè pitit ou a reli tout fraz la pou asire li konprann siyifikasyon an.
- Devlope konpreyansyon lekti nan pale avèk pitit ou a sou lekti li ap fè a. Poze l kesyon sou nouvo mo yo. Pale sou sa ki rive nan istwa a. Pale sou pèsonaj, plas, ak evènman yo. Poze l kesyon sou nouvo enfòmasyon li aprann nan liv la. Ankouraje l pou fè lekti pou kont li.

*Enfòmasyon sa a soti nan piblikasyon “Helping Your Child Become A Reader” (Aprann Pitit Ou Vin Yon Lektè) Depatman Edikasyon Etazini ak “Put Reading First” (Metè Lekti An Premye) Patenarya pou Lekti.



Ladrès Fonolojik

**Ladrès fonetik se abilite pou tande e distenge son.
Sa gen ladan:**

- **Rekonèt son, poukont yo ak nan mo**
- **Ajoute son nan mo**
- **Metè mo apa e dekoupe yo nan diferan son yo genyen**
- **Deplase son**


Aktivite pou Devlope Ladrès Fonolojik:

- Bat men ou pandan w ap separe mo yo an silab. Mande pitit ou a bat men li pou chak silab nan yon mo.
- Make kantite silab ki nan non moun ki nan fanmi an, ki nan manje yo pi renmen, eks.



- Bay pitit ou a yon ti machin (tankou yon ti machin bwat Alimèt). Ekri yon mo ki gen 5 lèt oubyen plis sou yon moso papye avèk espas nan mitan lèt yo. Fè pitit ou a kondui pase machin nan sou chak lèt pandan li ap repete son lèt la. Fè pitit ou a kòmanse kondui machin nan dousman sou lèt yo epi rekondi sou yo ankò enpe pi vit. Kontinye jiskaske l di mo a nan yon bon vitès.
- Pou ede pitit ou a dekoupe (separe) son nan mo:

o Bay pitit ou a 4-7 blòk, ti grenn kolye, ti grenn yo jwe bengo oubyen atik ki sanble ak yo. Di yon mo e fè pitit ou a deplase yon objè pou chak son nan mo a.



- o Jwe jwèt Tèt, Zepòl, Jenou, ak Zòtèy avèk son. Di yon mo e fè pitit ou a touche tèt li pou premye son an, zepòl li pou dezyèm son an, ak jenou li pou twazyèm son an pandan li ap repete chak son.
- o Sote pou son. Di yon mo e fè pitit ou a sote pou chak son nan mo a pandan li ap repete son an.



Ladrès Fonetik

Ladrès se abilite pou konprann relasyon ant lèt ak son yo reprezante.

Sa gen ladan

- Rekonèt modèl lèt enprime ki reprezante son an
- Modèl silab yo
- Pati mo yo (prefiks, sifiks, ak rasin mo yo)

Konsòn Digraf ak Melanj Komen:

bl, br, ch, ck, cl, cr, dr, fl, fr, gh, gl, gr, ng, ph, pl, pr, qu, sc, sh, sk, sl, sm, sn, sp, st, sw, th, tr, tw, wh, wr

Konsòn Trigraf Komen:

nth, sch, shr, spl, spr, squ, str, thr

Vwayèl Diagraf Komen:

ai, au, aw, ay, ea, ee, ei, eu, ew, ey, ie, oi, oo, ou, ow, oy

Aktivite sou Fonetik:


- Fè son melanje e fè pitit ou a ekri lèt ki mache ak son yo.
- Fè jwèt mo ki konekte son avèk silab ak mo (pa egzanp, si lèt "l-a-t-e-r" eple "later", kòman ou eple "hater?" Konbyen silab ki nan "later?)."
- Ekri mo – Anpil timoun renmen voye e resevwa nòt, e ekri se yon bon fason pou ranfòse ladrès fonetik. Mete nòt pou pitit ou a nan valiz lekòl li oubyen sou zorye li. Fè yon fanmi oubyen yon zanmi voye yon lèt pa lapòs pou pitit ou a. Chak fwa pitit ou a resevwa yon nòt fè li ekri repons la. Pa okipe w de fason li eple mo yo. Olyedesa, fè pitit ou a di mo yo nan fason li kapab.
- Fè lachas pou mo – Chwazi yon melanj e fè pitit ou a chèche senk atik ki kòmanse avèk son sa a. Pandan li jwenn chak objè yo, ede pitit ou a ekri mo yo sou yon lis. Pa egzanp, si son ou vize sa a se "bl", timoun nan ka jwenn e ekri "blanket," "blood," "blue," "blizzard," "blast".
- Sijasyon pou ede pitit ou a pwodui son avèk mo yo:
 - o Premye Son – Fè pitit ou a pwononse premye son nan mo a e devine dapre foto oubyen lòt son ki tou pre yo. Tcheke mo ki ekri a de fwa pou w wè si l mache ak mo timoun nan devine a.
 - o Son ak Melanj – Fè pitit ou a pwononse chak son yo separeman (sss aaa t). Sa rele fè son mo "sounding it out" fè l sonnen, e di mo ansanm (sat). Se yon "melanj".
 - o Pati yo Abitye – Lè pitit ou a kòmanse li mo ki pi long, fè l pote atansyon sou pati nan mo a li deja konnen. Pa egzanp, yon mo tankou "presenting", pitit ou a ka deja konnen prefiks pre-, mo "sent," ak fen -ing.
- Jwe jwèt "Memory" oubyen "Go Fish" nan itilize konsòn ak vwayèl diagraf, trigraf, ak melanj



Mo Kouran

Mo kouran parèt anpil nan Anglè oryante,
men yo pa fasil pou dekode nan premye etap enstriksyon lekti yo.

- Mo sa yo enpòtan pou konpetans nan fè lekti
- Kontak ak mo sa yo toutan ak memorizasyon enpòtan pou elèv li vit e byen



Aktivite sou Mo Kouran:

- Liv Mo – Timoun ka kenbe yon liv mo. Pliye e klipse ak papye katon blan, plim, ak kreyon se sa sèlman yo bezwen. Ajoute mo kouran nan liv pa yo. Yo ka itilize liv yo kòm referans lè yo ap li nouvo tèks.
- Detektif Mo – Envite timoun yo pou yo tounen detektif mo kouran. Yo ka lokalize mo yo ki nan materyèl enprime yo rankontre nan vi yo chak jou.
- Jwèt Mo – Bengo se jwèt konsistan yo pi renmen. Lè yo ap jwe bengo, pandan w ap site chak mo, kontwole pou asire yo rekonèt mo kouran yo e plase ti pyès yo sou yo lè sa apwopriye. Lòt jwèt senp ki ka ede anseye yo mo gen ladan lòt jwèt komen yo renmen ‘hangman.’
- Aktivite avèk Kat - Kreye kat pou mo yo rankontre souvan yo.
(Gade nan paj ki ap suiv yo pou mo yo rankontre souvan daprè nivo ane eskolè)
- Memorizasyon – Kreye de (2) kat pou chak mo yo rankontre souvan yo. Mete kat yo fas anba atè a e youn aprè lòt eseye matche mo ki idantik yo.
- Vwa Komik – Montre pitit ou a kat la, e fè l li yon mo ak yon vwa tankou wobo, yon vwa granmoun, yon vwa pike/pèsan, ak yon vwa mons.
- Fè Fraz – Ba yo kat mo kouran yo. Ankouraje yo konbine divès mo pou yo ka fè fraz.

DOLCH WORD LIST

Sorted alphabetically by grade level

Pre-primer		Primer		First		Second		Third	
a	play	all	out	after	once	always	right	about	never
and	red	am	please	again	open	around	sing	better	only
away	run	are	pretty	an	over	because	sit	bring	own
big	said	at	ran	any	put	been	sleep	carry	pick
blue	see	ate	ride	as	round	before	tell	clean	seven
can	the	be	saw	ask	some	best	their	cut	shall
come	three	black	say	by	stop	both	these	done	show
down	to	brown	she	could	take	buy	those	draw	six
find	two	but	so	every	thank	call	upon	drink	small
for	up	came	soon	fly	them	cold	us	eight	start
funny	we	did	that	from	then	does	use	fall	ten
go	where	do	there	give	think	don't	very	far	today
help	yellow	eat	they	going	walk	fast	wash	full	together
here	you	four	this	had	were	first	which	got	try
I		get	too	has	when	five	why	grow	warm
in		good	under	her		found	wish	hold	
is		have	want	him		gave	work	hot	
it		he	was	his		goes	would	hurt	
jump		into	well	how		green	write	if	
little		like	went	just		its	your	keep	
look		must	what	know		made		kind	
make		new	white	let		many		laugh	
me		no	who	live		off		light	
my		now	will	may		or		long	
not		on	with	of		pull		much	
one		our	yes	old		read		myself	

<http://www.k12reader.com>

Metriz

Metriz se abilite pou w li ase vit e konprann sa w li. Sa gen ladan:

- Rekònèt mo otomatikman
- Rekonèt mo avèk presizyon
- Itilizasyon ekspresyon



Aktivite pou Gen Metriz:

- Lektè Repetitif - Chwazi yon pasaj ki pa pral twò difisil pou pitit ou a. Li pasaj la awotvwa pou pitit ou a, après li l ansanm, ede pitit ou a jwenn nenpòt mo difisil. Ansuit, fè pitit ou a li pasaj la pou ou avèk yon konsantrasyon sou presizyon. Finalman, fè pitit ou a li pasaj la pou ou ankò, pote atansyon sou metriz ak ekspresyon. Objektif la se pou li mo yo byen e natirèl.
- Itilize diferan vwa – Lè w ap li pasaj yon istwa ki familye, eseye fè pitit ou a li ak diferan vwa. Li istwa a ak yon vwa sourit, yon vwa kòbòy, oubyen yon vwa prensès. Se yon lòt fason pou fè repetisyon lekti, e li ajoute amizman nan pratike lekti.
- Li pou diferan odyans – Li awotvwa se yon fason pou kominike ak yon odyans. Lè yon lektè konsyan de odyans la, li konnen lekti a dwe fèt ak fasilite e yon fason ekspresif. Bay pitit ou a divès opòtinite pou l li pou yon odyans. Pitit ou a ka li pou nounous, animal, frè/sè, vwazen, granparan – nenpòt moun ki vle tandè. Se yon bon fason pou montre sa li te aprann nan repetisyon lekti.
- Anrejistre lekti a – Aprè pitit ou a fin fè pratik yon pasaj, fè li enrejistre li avèk yon radyo kasèt, telefòn, oubyen aparèy ‘MP3’. Yon fwa li anrejistre l, pitit ou a ka tandè lekti li a e suiv li nan liv la. Souvan, li ap vle anrejistre li ankò e fè l pi byen toujou!
- Lè w ap li yon istwa, itilize ekspresyon ki apwopriye pandan dyalòg la. Ankouraje pitit ou a pou l imite ekspresyon ou yo. Pale ak li sou kisa ekspresyon an vle di. Egzanp: Si pèsònaj la kontan paske li prale sou plas piblik, li dwe imite vwa moun sa a. Ankouraje pitit ou repete fraz kle oubyen dyalòg yo.
- Fè pitit ou a pratike “lekti” nan liv chan ou pi renmen an. Sa devlope asirans e ede pitit ou a idantifye tèt li kòm yo lektè.
- Repete youn aprè lòt avèk pitit ou a liy nou pi renmen nan yon powèm. Li ap imite diksyon ou ak fason ou ekspri w.



Vokabilè

Vokabilè se konesans ak memwa elèv la genyen sou siyifikasyon mo: sa gen ladan:

- **Vokabilè Reseptif**
 - Mo nou konprann lè n ap li oubyen lè moun ap pale avèk nou

- **Vokabilè Ekspresif**
 - Mo nou konprann byen ase pou n itilize yo lè n ap pale e ekri


Aktivite sou Vokabilè:

- Li awotvwa – Kontinye li awotvwa pou pitit ou menm aprè l fin ka li poukont li. Chwazi liv ki depase nivo pitit ou a paske yo ka genyen vokabilè ki pi jeneral.
- Gade mo yo anvan – Anvan ou li pou pitit ou oubyen avèk li, fè yon lekti rapid nan liv la, chwazi de (2) mo ou panse ki ka enteresan oubyen nouvo pou pitit ou a. Di pitit ou a ki mo yo ye e kisa yo vle di. Pandan w ap li liv la, fè pitit ou a koute mo sa yo.
- ‘Hot potato’ -
 - Jwe ‘hot potato’ avèk sinonim yo (mo ki gen menm sans). Chwazi yon mo, e aprè, pitit ou a dwe chèche yon lòt mo ki vle di menm bagay. Chanje plas avèk li jiskaske okenn nan nou pa ka jwenn yon lòt mo. Pa egzanp, ou ka di, “Cold,” e pitit ou a ka di, “Freezing.” Aprè sa ou ka di, “Chilly,” e nou ka kontinye jwe. Eseye jwèt la ankò avèk omonim (mo ki gen sans opoze).
 - Jwe ‘hot potato’ avèk prefiks oubyen sifiks yo. Prefiks dis-, mis-, non-, pre-, re-, ak un- moun itilize yo anpil. Pami sifiks moun itilize anpil genyen -able/ -ible, -ed, -er, -est, -ful, -ish, -less, -ly, -ment, ak -ness.
 - Jwe ‘hot potato’ avèk kategori yo. Pou timoun ki pi jèn yo, kategori yo kapab senp: animal domestik, rad, manm fanmi. Pou timoun ki pi gran yo, kategori yo kapab pi konplèks: Gè Revolisyon an, astwonmi, ekspresyon matematik.
- Koleksyon Mo – Fè chak manm nan fanmi an chèche mo enteresan yo tandè nan jou sa a. Nan lè soupe oubyen lè dòmi, fè tout moun pataje mo yo te kolekte a e fè yo di kisa yo panse mo sa a vle di. Si timoun nan bay yon move siyifikasyon, gide l pou l ka jwenn siyifikasyon ki kòrèk la. Eseye itilize kèk nan mo yo nan konvèsasyon nou.
- Jwe “kategori” avèk pitit ou a. Site yon sijè tankou “ekosistèm” e mande pitit ou a pou l panse ak tout lòt mo ki gen rapò ak sijè sa a. Sa se yon fason ekselan pou l devlope konesans li sou mo!
- Lè ou li yon liv sou yon sijè, mande li pou l di ou tout mo ki gen rapò ak sijè a. Pa egzanp: Si ou li yon liv konsènan dinozò, li ka di “Tyrannosaurus Rex, paleontologist, herbivore, carnivore, fossil.” Ajoute lòt mo pou ede l elaji sa l di a.

Konpreyansyon

Konpreyansyon se kapasite pou konprann e pran sans yon tèks. Sa gen ladan:

- Pote atansyon a enfòmasyon ki enpòtan
- Entèprete sans ki espesifik nan tèks la
- Idantifye ide prensipal la
- Reponn kesyon yo vèbalman
- Aplike nouvo enfòmasyon ou jwenn nan lekti a



Aktivite sou Konpreyansyon:

- Klase desen anime – Chwazi yon seri desen anime nan jounal dimanch la. Koupe chak kare e melanje kare yo. Fè pitit ou a mete yo nan lòd e dekri kisa k ap pase. Ankouraje pitit ou a pou l itilize mo tankou premyèman, dezyèmman, ansuit, finalman, eks.
- Konpreyansyon chak jou – Poze pitit ou kesyon tankou kiyès, kisa, kilè, ki kotè, poukisa, kijan konsènan yon evènman ki te pase pandan jounen li an. Yon fwa pitit ou konfòtab pou l reponn kesyon sa yo konsènan eksperyans li, eseye poze l kesyon konsènan yon liv nou te li ansanm.

Lekti Imajinè

- Anvan lekti a – Montre l tit liv la ak otè a. Gade foto ki sou kouvèti liv la e mande l, “Kisa w panse ki pral pase nan istwa sa a? Poukisa?” Sa ap ede pitit ou a etabli objektif pou lekti.
- Pandan lekti a – Kanpe tanzantan e mande pitit ou a pou l di ou kisa k pase nan istwa a jiska prezan oubyen kisa l prevwa ki pral rive. Ou ka mande pitit ou opinyon l tou. “Èske w panse pèsonaj sa a fè yon bon bagay? Kijan w santi w konsènan chwa sa a? Eksplike nenpòt mo ki nouvo.
- Aprè lekti a – Mande pitit ou a pou l ba w soti ankò depi nan kòmansman, e mande l opinyon li tou. “Ki pati w te pi renmen ? Èske w ta rekòmande liv sa a bay yon zanmi w ?”

Lekti ki Reyèl

- Anvan lekti a – Montre l tit liv la ak otè a. Gade foto ki sou kouvèti liv la e mande l, “Kisa ou panse ou pral aprann nan liv sa a? Poukisa?” Sa ap ede pitit ou a konsidere sa l deja konnen sou sijè a. Gade tab matyè yo.
- Pandan lekti a – Pa bliye gran soutit yo, tit yo, nòt akote yo, oubyen lòt enfòmasyon sou paj la. Jèn lektè gen tandans bliye sa yo li, donk, se yon bon ide pou montre otè a mete anpil enfòmasyon nan “ekstra” sa yo.
- Aprè lekti a – Mande pitit ou a, “De kisa istwa a plis pale? Kisa ou ta toujou vle konnen? Ki kote ou ka chèche konnen?”

Lòt Ide

- Diskite mo ki gen rapò ak istwa tankou pèsonaj yo, pwoblèm, ak solisyon. Pa egzanp, “Kijan Frè Wright yo te jwenn yon solisyon pou ede avyon yo a vole pou pi lontan?” Si timoun nan pa konnen, montre l imaj la oubyen li paj la ankò.
- Poze kesyon konsènan karaktè pèsonaj yo. Egz. Ki pèsonaj ou panse ki te janti? Ki pèsonaj ki te otoritè? Kijan w fè konnen? Si pitit ou a pa konnen, ba li yon repons. Ou ka oblije fè sa plizyè fwa jiskaske pitit ou a ka fè sa.
- Ankouraje refleksyon ki pwofon lè w mande, “Si istwa a te kontinye, kisa w panse ki t ap pase aprè?”
- Ede pitit ou a fè koneksyon avèk pwòp eksperyans li pandan l ap li. Ou ka di, “Èske gen yon bagay ou li nan istwa a ki raple w yon bagay?”

Lòt Kesyon Literè/Istwa Imajinè

Anviwònman:

- *Nan ki anviwònman istwa a ap dewoule? (lè, andwa)
- *Ki enpòtans anviwònman an genyen pou pèsonaj yo ak sekans evènman yo?
- *Fè yon deskripsyon pwofon konsènan detay kle ki nan anviwònman an?

Pèsonaj:

- *Kijan ou t ap dekri pèsonaj yo?
- *Kisa ki te motive pèsonaj la pou l _____?
- *Kisa pèsonaj la t ap fè? Ak kisa pèsonaj la t ap panse e/oubyen kisa l te santi?
- *Kijan aksyon pèsonaj la te afekte sekans evènman nan istwa a?
- *Kijan pèsonaj la te reyaji devan defi yo?

Sekans gwo evènman:

- *Ki gwo evènman ki te genyen nan istwa a?
- *Fè yon deskripsyon pwofon sou evènman ki gen nan istwa a oubyen nan sèn nan. Itilize DETAY KLE pou w dekri evènman yo.

Plan:

- *Ki moun pèsonaj yo ye?
- *Kisa yo te vle (objektif yo)?
- *Kisa pwoblèm nan te ye?
- *Kijan yo te rezoud li?
- *Kijan istwa a fini? Rezime l.

Konklizyon:

- *Rakonte istwa a. Fè sa avèk presizyon.
- *Kisa ki mesaj santral la? Tèm nan?
- *Kijan imaj yo kontribye nan istwa a?

Objektif otè a:

- *Ki objektif otè a te genyen lè l t ap ekri istwa a? Soutni repons ou.
- *Baze sou evidans ki nan tèks la, ki pwendvi otè a?
- *Kisa w note konsènan mo otè a chwazi pou dekri pèsonaj yo, anviwònman an, evènman yo, ak plan an?
- *Ki teknik literè li te itilize?
- *Kijan atmosfè / ton an te ye?

Koneksyon:

- *Konpare e fè yon kontras ant istwa ki nan menm estil la. (tèm, pèsonaj, anviwònman, chwa mo, plan, gwo evènman).
- *Kijan konesans ou te genyen anvan ede w apwofondi konpreyansyon ou sou _____?

Lòt Kesyon Literè/Istwa Reyèl

Sijè prensipal:

- *Sou kisa tèks la plis anseye oubyen enfòmè nou? Kijan prezantasyon tèks la sipòte konpreyansyon ou?

*Kisa ki SIJÈ PRENSIPAL tèks sa a?

- *Ki DETAY KLE ki sipòte done enpòtan konsènan Sijè Prensipal la?

Sekans Enfòmasyon yo:

- *Nan ki lòd otè a ban nou enfòmasyon konsènan sijè a? (Kòmansman, Mitan, Fen)
- *Konpare e fè yon kontras ant estrikti jeneral evènman, ide, konsèp oubyen enfòmasyon ki nan 2 oubyen plis tèks.

Gran ide ak Detay Kle:

- *Ki ide santral ki pi enpòtan nan tèks la?
- *Di sou kisa tèks la plis pale?
- *Ki ide jeneral ki genyen nan sa w li e sa w aprann? Rezime tèks la.

Mo kle:

- *Ki mo ki pi enpòtan nan tèks la?
- *Ki mo ki anseye w sou Sijè Santral la? Kisa yo vle di?

Konklizyon:

- *Ki DETAY KLE ki gen nan tèks la?
- *Ki konklizyon lojik ou ka fè konsènan detay ou te aprann konsènan Sijè Prensipal la?

Objektif otè a:

- *Poukisa otè a te ekri tèks sa a?
- *Ki pwendvi otè a?
- *Kijan otè a prezante tèks la? Poukisa?
- *Eksplike kijan otè a itilize rezon ak evidans pou sipòte pwen li fè pase nan tèks la.

Koneksyon:

- *Konpare e fè yon kontras ant sijè prensipal la ak lòt sijè yo.
- *Eksplike relasyon oubyen entèraksyon ant de (2) oubyen plis moun, evènman, ide oubyen konsèp



Resous pou Plan *Lekti Lakay*:

Resous ki anba yo ofri pitit ou lyen sou Entènèt pou meyè resous nasyonal, eta, ak lokal sou Entènèt. Resous sa yo sipòte e konplete Plan *Lekti Lakay* nou an.



'myON', ki disponib atravè pòtal elèv la, se yon anviwònman pèsonalize pou aprann li/ekri ki gen ladan:

- Kontni lekti dijital amelyore
- Atik nouvèl chak jou yo ekri pou elèv
- 'The Lexile® Framework for Reading'
- Zouti dènnye kri pou aprann li/ekri
- Sistèm metrik entegre pou kontwole aktivite ak devlopman



Bibliyotèk MDCPS sou Entènèt <http://virtuallibrary.dadeschools.net/> ofri aksè a zouti rechèch 21yèm syèk ekstrawòdinè pou lekòl elemantè ak segondè nan kay oubyen nan lekòl.



Abdo Digital
INTERACTIVE PAGES

'ABDO Digital' <https://abdodigital.com/login/>, non itilizatè ak modpas: miamidade, miamidade, o ri yon ti koleksyon "eBooks" (liv sou Entènèt) pou elèv lekòl elemantè, mwayen ak segondè, li prezante tablo pou kontni, rechèch mo kle, ak makè pou paj liv. Li konpatib pou 'Mac' ak 'PC'. Non itilizatè ak modpas miamidade, miamidade



'TumbleBook Library' (Elemantè) <http://asp.tumblebooks.com/Home.aspx?categoryID=13>, non itilizatè ak modpas: miamidade, miamidade, se yon koleksyon sou Entènèt ki gen liv anime, avèk foto ki ap pale, ki anseye timoun kè kontan ki gen nan lekti nan yon fòm a y ap renmen. Yo te kreye TumbleBook nan pran liv desen ki egziste deja, ajoute animasyon, son, mizik ak narasyon pou pwodui yon liv ki gen imaj elektwonik ou ka li, oubyen fè moun li pou ou. Koleksyon sa a gen ladan liv ann Espayòl, egzamen konpreyansyon nan lekti, estimilasyon sèvo ak jwèt, ansanm ak resous pou pwofesè. Nou ka wè tout sit Entènèt la ann Espayòl tou. Non itilizatè ak modpas: miamidade, miamidade



Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami-Dade ofri sèvis bon kalite, tankou liv pou timoun sou fòm enprime ak dijital ki reflekte bezwen enfòmasyon, edikasyon, ak rekreyasyon kominote nou an.



FLORIDA DEPARTMENT OF
EDUCATION
fldoe.org

"Just Read, Families!" (Annik Li, Fanmi yo!)

<http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/families>

Resous Adisyonèl pou Plan “*Read-at-Home*” (Fè Lektik Lakay):



PBS Parents: <http://www.pbs.org/parents/>



U.S. Department of Education

Family, School, and Community Engagement Webinar Sessions:
http://www.nationalpirc.org/engagement_webinars/archives.html



Reading Rockets <http://www.readingrockets.org/>



Scholastic <http://www.scholastic.com/parents/>



readwritethink <http://www.readwritethink.org/parent-afterschool-resources/>



Storyline <http://www.storylineonline.net>



We Give Books <http://gws.ala.org/content/we-give-books#.WaRy-vqGPcs>



Kids Reads <http://www.kidsreads.com/>



Library of Congress <http://www.read.gov/kids/>